

Avi Odyans Piblik

Yo bay yon avi, dapre MGL c. 30A, **Depatman Pwoteksyon Anviwònman MA** (MassDEP) ap pwopoze pou amande **Règleman Pwogram Jesyon Resous Dlo yo** (310 CMR 36.00) pibliye anba Lwa Jesyon Dlo Massachusetts (MGL c. 21G).). Sekretè Enèji ak Afè Anviwònman fè konnen amannman yo pwopoze a ap ajoute yon lwa nan Anrejistremant Jesyon Dlo yo k ap pèmèt mwens dlo gaspiye sou chak moun ki anrejistre pandan peryòd sechrès yo. Sa a pral fè fason yo itilize dlo pandan peryòd la ale nan menm sans ak Plan Jesyon Sechrès Massachusetts la, jan mizajou yo te fè an 2019 la montre sa, epi li pral pèmèt moun yo jwenn dlo ki bon pou sante yo, dlo ki byen pwoteje, k ap ede yo fè ekonomi menm lè sechrès la peze sou rezèv dlo yo, pèmèt yo itilize dlo yo avèk ekilib epi pwoteje resous natirèl yo.

Kòmantè Piblik ak Odyans

MassDEP pral fè de odyans piblik sou entènèt.

Jedi 27 oktòb 2022 a 5:30 pm Enskri davans nan: <https://us06web.zoom.us/meeting/register/tZEkf-yupz4jGN0yBZqAV6UE95BYiF4QgDpT>

Vandredi, 28 oktòb 2022 a 10:00 am . Enskri davans nan:

https://us06web.zoom.us/meeting/register/tZcpdOGsqzlpGtDBSqOCdhU_8gy9ShmaYa0v

Aprè w fin anrejistre, w ap resevwa yon imèl konfimasyon ki gen enfòmasyon sou fason pou w rantre nan reyinyon an. Yo ka prezante kòmantè sou revizyon yo pwopoze a aloral pandan odyans piblik la.

Y ap kontinye pran kòmantè jiska lendi kap 7 novanm a 5è. Tout kòmantè y ap voye dwe gen non ak enfòmasyon pou kontakte moun ki fè kòmantè a. Tanpri voye kòmantè pa imèl bay dep.talks@mass.gov epi mete *lwa WMA* nan sijè a. Olye n voye yo sou fòm elektwonik, tanpri voye yon kopi enprime bay Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts, Biwo Pwoteksyon Resous – Pwogram Jesyon Dlo, One Winter Street, 5yèm etaj, Boston, MA 02108, Atansyon: Règleman WMA.

Lwa yo pwopoze yo disponib nan : www.mass.gov/eea/agencies/massdep/news/comment/ . Lwa yo pwopoze a ak tout kòmantè yo te deja depoze an Jiyè 2021 yo disponib nan [310 CMR 36.00: Massachusetts Water Resources Management Program | Mass.gov](#) . Kòmantè yo te voye depi 2021 yo nan dosye, yo pa bezwen voye yo ankòt.

Pou akomodasyon espesyal pou odyans sa a, tanpri rele Biwo Divèsite MassDEP nan 617-292-5751. TTY# MassRelay Sèvis 1-800-439-2370. Enfòmasyon sa a disponib nan fòm diferan selon demann.

Selon lòd Depatman an

Martin Suuberg, Komisè